

## VARIASI WONTEN ING PAMULANGAN TEMBANG MACAPAT KELAS XII SMA NEGERI 1 GOMBONG

### VARIATION IN TEACHING MACAPAT CLASS XII SENIOR HIGH SCHOOL 1 GOMBONG

Dening: Amanahillah Nurwigati, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

#### Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken menapa kemawon *variasi* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawi wonten ing pamulangan tembang Macapat kelas XII SMA Negeri 1 Gombong. Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *kualitatif* inggih menika kange ngandharaken *variasi* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawi nalika mulang tembang Macapat saha mupangatipun. Sumber dhatanipun inggih menika guru basa Jawi ingkang mulang Tembang Macapat wonten ing kelas XII SMA Negeri 1 Gombong. Dhatapanaliten kapanggihaken kanthi *observasi*, *wawancara*, *angket* saha *dokumentasi*. Pirantining panaliten inggih menika *lembar observasi*, pandom *wawancara*, *angket*, saha piranti *dokumentasi*. Caranipun nganalisis dhata inggih menika *reduksi* dhata, *display* dhata, saha damel dudutan. Caranipun ngesahaken dhata mawi *perpanjangan keikutsertaan* saha *triangulasi metode*. Asiling panaliten ngandharaken bilih: (1) Guru Basa Jawi SMA Negeri 1 Gombong ingkang mulang tembang Macapat kelas XII sampun nindakaken *variasi* mulang kanthi maksimal pramila saged damel siswa remen saha boten bosen dhumateng pamulangan tembang Macapat. (2) *Variasi* ingkang dipuntindakaken awujud *variasi cara*, *variasi materi*, *variasi media*, *variasi pola interaksi lan metode*, saha *variasi evaluasi*. (3) *Variasi cara* mulang awujud *variasi swara*, *variasi narik kawigatosanipun siswa*, *kesenyapan*, *kontak pandang*, *variasi mimik*, saha *variasi posisi* lan ebahing badan wonten ing kelas. *Variasi materi* awujud cakepan tembang Macapat saking serat Wedhatama. *Variasi medi&piranti* mulangawujud *visual*, *audio*, saha *audio-visual*. *Variasi pola interaksi* awujud *pola guru-murid*, *pola guru-murid-guru*, *pola guru-murid-murid*, *pola guru-murid, murid-guru, murid-murid*, saha *pola melingkar*. *Variasi metode* awujud *metode ceramah*, *metode tanya-jawab*, *metode resitasi*, *metode demonstrasi*, *metode praktik&drill*, *metode diskusi*, *metode inquiri (penemuan)*, saha *metode Team-Game-Tournament (TGT)*. *Variasi evaluasi* awujud *tes* saha *non-tes*. (4) Mupangatipun nindakaken *variasi* wonten ing salebetung pamulangan saged dipunraosaken dening siswa, guru, saha sekolah.

Pamijining tembung: *variasi* pamulangan, tembang macapat

#### Abstract

This research aimed to knowwhat kind of variation that the teacher didin learning. This reserach included qualitative reseach that aimed to spell out what kind and benefits of variation that the teacher did in learning Tembang Macapat. The source of the data was teacher who teachesTembang Macapat in twelve gradestudents at Senior High School 1 Gombong. The data was obtained from observation, interview, questionnaire, and documentation. Data analysis technique used data reduction, data display, and conclusion. Validating the data was done by extending the participation and triangulation method. The results of this research suggest that: (1) Teacher of the Javanese Language at Senior High School 1 Gombong who teachesTembang Macapat has done the best-performing her skill to did the variation, so can make the students happy and not bored to studyTembang Macapat. (2) Variations that the teacher did include variations in style, variations in material, variations in media, variations in patterns of interaction and methods, and variation in evaluation. (3) Variations in style which the sound variation occurs, the variation attracts students attention, silence, contact view, mimic variation, and position and body variation in the classroom. Variation in material was the Tembang Macapat book of Wedhatama fiber. The variation of the media& the device for learning was visual, audio, and audio-visual. Variation of interaction patterns was the teacher-studentspatterns, teacher-students-teacherpatterns, teacher-students-studentspatterns, teacher-studentsstudents-teacher students-students patterns, and circular patterns. Variationinmethod was about lecture, questioning method, resitation method, demonstration method, practice & drill method, discussion method, inquiri method, and Team-Game-Tournament (TGT) method. Variation in evaluationwas test and non-test. (4) The benefits of the variation that the teacher didin learning Tembang Macapatcan be appreciated by students, teachers, and schools.

## PURWAKA

Guru minangka salah satunggaling panyengkuyung ingkang nemtokaken asiling pamulangan. Pamulangan basa Jawi asring dipunraos angel sarta kirang dipunremeni dening siswa. Awit saking menika guru basa Jawi kedah gadhah *profesionalitas*. Guru *professional* kedah saged ndhidhik, mulang, sarta nglatih. Guru *professional* ugi kedah saged mujudaken pamulangan ingkang *efektif* saha saged narik kawigatosanipun siswa, pramila pamulangan saged *optimal*. Kangge mujudaken pamulangan ingkang *efektif* saha *optimal* guru mbutuhaken ketrampilan. Salah satunggalipun ketrampilan dhasar ingkang kedah dipunkuwaosi inggih menika ketrampilan nindakaken *variasi*.

Ketrampilannindakaken *variasi* mulang kalebet perkawis ingkang wigati sanget wonten ing salebeting pamulangan amargi gadhah ancas kangge ngawekani raos bosen. Kasunyatanipun taksih arang guru basa Jawi ingkang saged mulang kanthi *variatif*. Taksih kathah guru ingkang ngginakaken *metode* lan *cara* mulang ingkang ajeg, *materi* saha *evaluasi* kirang maneka warni sarta dereng maksimal anggenipun ngginakaken *media* saha piranti mulang. Kawontenan menika biyasanipun badhe damel pamulangan basa Jawi kirang ngremenaken saha mboseni. Menawi sampun mekaten biyasanipun siswa dados boten greget/*males* nalika pamulangan basa Jawi. Siswa dados nyeperekaken pamulangan basa Jawi sarta boten nggatosaken andharan saking guru. Kangge ngawekani perkawis menika, guru saged nindakaken *variasi* wonten ing pamulangan. *Variasi* ingkang saged dipuntindakaken inggih

menika *variasi caramulang*, *variasi materi*, *variasi media* saha piranti mulang, *variasi pola interaksi*, *variasi metode*, saha *variasi evaluasi*. *Variasi* menika saged damel pamulangan langkung gayeng saha nggugah gregetipun siswa sinau basa Jawi. Menika ugi saged mindhakaken asiling pamulangan basa Jawi.

Pamulangan tembang Macapat minangka salah satunggaling kompetensi ingkang kedah dipunwulangaken wonten ing pamulangan basa Jawi. Tembang Macapat ngemot kathah piwulang ingkang migunani kangge pagesangan. Wonten ing tembang Macapat kathah *nilai-nilai* ingkang saged dipuntuladha dening siswa. Ananging pamulangan basa Jawi kanthi *materi* tembang Macapat biyasanipun dipunwulangaken kanthi ajeg. Kathah guru ingksng boten ngrembagwosing tembang Macapat. Guru ugi asring boten ngginakaken *media*, lan *metode* ingkang sae, saha namung ngginakaken *sarana buku* saha tembang Macapat. Pamulangan ingkang kados menika ndadosaken siswa *bosen, ngantuk* saha kirang greget anggenipun sinau tembang Macapat. Menika sedaya saged damel asiling pasinaon Basa Jawi dados kirang sae. Awit saking menika medal pitakenan kadospundi *variasi* mulang ingkang saged dipuntindakaken guru Basa Jawi wonten ing pamulangan tembang Macapat ingkang saged dados tuladha kangge guru sanes.

Salah satunggalipun sekolah ingkang gadhah guru Basa Jawi ngkang sampun nindakaken *variasi* inggih menika SMA Negeri 1 Gombong. SMA Negeri 1 Gombong mapan wonten ing Jl. Sempor Lama No. 64 Gombong, Kebumen, Jawa Tengah. Sanajan sekolahipun boten mapan

wonten ing kota ananging sekolah menika gadhah mutu ingkang sae sarta kalebet sekolah *favorit*. Sekolah menika gadhah *fasilitas* ingkang cekap sarta sampun pikantuk *akreditasi A*.

Guru Basa Jawi ingkang dados subjek panaliten inggih menika Ibu Indah Dwi Wijayanti, S. Pd. Ibu Indah Dwi Wijayanti, S. Pd. mulang Basa Jawi kelas XI saha XII wonten ing SMA Negeri 1 Gombong. Wonten ing salebeting pamulangan, guru kasebut biyasanipun ngginakaken *materi, media* saha piranti mulang, *pola interaksi saha metode, cara* mulang saha *evaluasi* ingkang maneka warni pramila siswa ingkang dipunwulang sami remen pamulangan Tembang Macapat. Panganggening *variasi* wonten ing pamulangan asilipun sae sanget. Siswa sami greget saha nggatosaken andharan saking guru pramila pamulangan dados gayeng, *efektif*, sarta saged nggayuh *kompetensinipun*.

Panganggening *variasi* wonten ing salebeting pamulangan tamtunipun gadhah ancas ingkang sae, pramila badhe nuwuhaken kasil utawi paedah. Guru tamtu badhe langkung ngupiyakaken nindakaken *variasi* menawi sampun mangertosi mupangatipun panganggening *variasi* wonten ing pamulangan. Awit saking menika panaliten menika ugi ngrengbag mupangatipun panganggening *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat.

## CARA PANALITEN

### Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif*. Dhata asiling panaliten menika dipunandharaken mawi *metodekualitatif* amargi dhata ingkang dipunpanggihaken wonten

ing salebeting panaliten awujud tembung-tembung utawi ukara. Moleong (2009:6) ngandharaken bilih panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas kangge mangertosi kawontenan ingkang dipunlampahi dening *subjek* panaliten, kadosta solah bawa, *persepsi, motivasi, lspkanthi* cara *deskriptif* awujud tembung-tembung lan basa, wonten ing kawontenan tartamtu ingkang *alamiah*, saha ngginakaken *metodealamiah*. Panaliten menika kangge ngamati *variasi-variasi* mulang ingkang dipuntindakaken dening guru Basa Jawi, saha mupangatipun *variasi* wonten ing salebeting pamulangan tembang Macapat ingkang dipuntindakaken kados menapa wontenipun utawi *alamiah*.

## Wektu lan Papa Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken wonten ing SMA Negeri 1 Gombong. SMA Negeri 1 Gombong mapan wonten ing Jl. Sempor Lama No. 64 Gombong, Kabupaten Kebumen, Provinsi Jawa Tengah. Panaliten menika dipuntindakaken sadangunipun pamulangan tembang Macapat wonten ing kelas XIIwiwit wulan Juli ngantos dumugi September 2016.

## Subjek Panaliten

Subjek panaliten wonten ing panaliten menika inggih menika *variasi* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawi nalika mulang tembang Macapat. *Sumber* dhatanipun inggih menika guru basa Jawi ingkang mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII SMA Negeri 1 Gombong. *Variasi* mulang ingkang dipuntlti inggih menika *variasi* ingkang dipuntindakaken wonten ing pamulangan

tembang Macapat kelas XII ingkang kaperang dados 9 kelas. Wonten ing panaliten menika, subjek panaliten dipuntemtokaken mawi *purposive sampling*.

### **Data, Intrumen, dan Teknik Pengumpulan Data**

Cara ngempalaken dhata dipunlampahi supados pikantuk dhata ingkang lengkap saha ajeg. Cara ingkang dipunlampahi dening panyerat inggih menika *Observasi, wawancara, angket, saha dokumentasi*. Dene Piranti ingkang dipunginakaken kangge biyantu panaliten inggih menika lembar *observasi*, pandom *wawancara, angket*, saha piranti *dokumentasi*.

### **Cara Analisis Data**

*Analisis* dhata wonten ing panaliten menika dipunlampahi mawi cara *kualitatif*. Cara *kualitatif* dipunginakaken amargi dhata-dhatawonten ing panaliten menika wujudipun tembung-tebung saha ukara. Dhata wonten panaliten menika dipunandharaken kanthi *deskriptif*. Dhata ingkang dipun*analisis* inggih menika dhata ingkang dipunpanggihaken saking *observasi, angket, saha wawancara*. Dhata asiling panaliten menika dipun*analisis* manut cara Miles saha Huberman, inggih menika 1) *reduksi* dhata, 2) *display* dhata, saha 3) damel dudutan.

### **Cara Ngesahaken Data**

Caranipun ngesahaken dhata ingkang dipuntindakaken inggih menika *perpanjangan keikutsertaan, saha triangulasi metode*.

## **ASIL PANALITEN LAN PIREMBAGAN**

Adhedhasar panaliten ingkang sampun dipuntindakaken, saged dipunpendhet asilipun. Panaliten menika sampun kasil manggihaken

kalih data, inggih menika dhata awujud *variasi* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawi nalika mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII SMA Negeri 1 Gombong saha dhata awujud mupangatipun nindakaken *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat. Asiling panaliten kasebut ngandharaken *variasi* menapa kemawon ingkang dipuntindakaken saha kathahipun panganggening *variasi* kasebut.

Jinisipun *variasi* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawi kasebut dipunperang dados 5, inggih menika *variasi cara mulang, variasi materi, variasi media saha piranti mulang, varisi pola interaksi saha metode, saha variasi evaluasi*.

### **1. Variasi ingkang Dipuntindakaken dening Guru Basa Jawiwonten ing Pamulangan Tembang Macapat Kelas XII SMA Negeri 1 Gombong**

#### **a. Variasi Cara Mulang**

*Variasi caramulang*ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud:

##### **1) Variasi Swara**

Saking asiling panaliten saged dipuntingali bilih guru basa Jawi sampun nindakaken *variasi swara* kanthi sae. *Variasi swara* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawa wonten ing salebeting pamulangan tembang Macapat inggih menika ewahing swara sora dados lirih, lirih dados sora, cepet dados alon, alon dados cepet, saha *penekanan*

##### **2) Variasi Narik Kawigatosanipun Siswa**

Caranipun guru narik kawigatosanipun siswa sampun *variatif*. Caranipun wonten maneka warni saha dipunginakaken gantos-gantos. Caranipun narik kawigatosanipun siswa kathahipun ngginakaken tembung-tebung utawi ukara. Caranipun kados ing ngandhap menika.

- a) Nyuwun Kawigatosan langsung
  - Guru ngendika “cobi dipungatosaken”.
  - Guru ngendika “ningali mriki sedaya”.
- b) Nimbali
  - Kangge narik kawigatosanipun siswa, guru ngendika “dados niki ngeten mas, mba” kangge narik kawigatosanipun siswa dhumateng salah satunggaling perkawis.
  - Guru ngendika “mas, mba cobi sanese nggatosaken” kangge narik kawigatosanipun siswa ingkang kirang nggatosaken.
  - Guru ngendika, “mas, mba cobi sanese mendel rumiyin” kangge narik kawigatosanipun siswa ingkang rame nalika praktek nembang Macapat.
  - Guru nimbali nama siswa ingkang ketingal boten nggatosaken.
- c) Seruan
  - Guru ngendika “hallo”, lajeng sedaya siswa mangsuli “hay”. Biyasanipun guru ngendika “halo” menawi siswa ketingal ngantuk saha kirang greget.
  - Guru ngendika “Ssssssstttt” kangge ngawekani siswa ingkang rame nalika *penilaian* praktek nembang Macapat. Cara menika dipunginakaken supados siswa sanesipun nggatosaken siswa ingkang saweg nembang wonten ing ngajeng kelas.
- d) Pitakenan

Guru maringi pitakenan “niki pinten?” sinambi ngacungaken driji 1-5. Lajeng siswa mangsuli manut cacahipun driji ingkang dipunacungaken. Pitakenan menika dipunambali bolak-balik ngantos dumugi siswa nggatosaken. Cara menika ugi *efektif* amargi sedaya siswa dados nggatosaken.

### 3) Kesenyapan

*Variasi* menika saged dipuntindakaken ing antawisipun andharan materi saha nalika bibar nyuwun priksa. *Kesenyanpan* dipuntindakaken mawi ngewahi swasana saking rame dados sepi. Cara menika saged narik kawigatosan siswa amargi siswa penasaran dhumateng lelampahan ingkang saweg katindakaken.

### 4) Kontak Pandang

Nalika guru saweg ngadharaken *materi* utawi wawan rembag kaliyan siswa, guru nggatosaken sarta mriksani sedaya kawontenan kelas saha siswa. Nalika siswa nggarap gladhen saha gladhen nembang, guru mlampah-mlampah supados langkung caket kaliyan siswa. Guru boten mriksani nginggil, ngandhap, njawi, saha boten mriksani papan panyeratan nalika ngandharaken materi kajawi sinambi nuduhuhaken. Guru ugi nindakaken *kontak pandang* kaliyan siswa. Ginanipun kangge mbangun sesambutan ingkang langkung caket kaliyan siswa. Mawi nindakaken *kontak pandang*, siswa rumoas dipungatosaken dening guru pramila siswa langkung nggatosaken guru.

### 5) Variasi Mimik

*Variasi mimik* ginanipun kangge narik kawigatosan siswa saha kangge ngandharaken utawi negasaken makna saking andharan utawi *pesan* ingkang dipunandharaken. *Variasi mimik* saged biyantu supados siswa langkung mangertosi makna andharan ingkang dipunkajengaken.

*Variasi mimik* ingkang dipuntindakaken dening guru basa Jawa wonten ing salebetung pamulangan tembang Macapat inggih menika:

- a) Pasuryan

- Mesem
  - Mrengut
  - Ngguyu
  - Kaget
- b) Ebahing Mustaka
- Manthuk
  - Gedheg
- c) Ebahing Badan
- Nuduhuhaken Ngangge Asta
  - Ngawe-awe
  - Ngacungaken Jempol
  - Tepuk Asta
- 6) *Variasi Posisi* lan Ebahing Badan Wonten ing Kelas
- Variasi posisi* badan wonten ing kelas sampun sae lan boten ajeg, sarta boten ganggu pamulangan. Nalika pamulangan tembang Macapat wonten ing kelas XII, guru tansah ngewahi *posisi* badan. Guru biyasanipun lenggah, lajeng mlampah-mlampah kangge nyaketi siswa ingkang ketingal kirang greget utawi bingung, lajeng jumeneng wonten ngajeng utawi wingking, saha nyerat ing papan panyeratan.
- b. Variasi Materi**
- Variasi materi* ingkang dipunpangghaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud pangretosan tembang, jinisipun, paugeran, urutanipun tembang, sasmitanipun tembang macapat Kinanthi, negesi tembung, *relevansi* piturur luhur tembang Macapat Kinanthi kaliyan pagesangan, saha 9 cakepan tembang Macapat saking serat Wedhatama.
- c. Variasi Media saha Piranti Mulang**
- Variasi media* saha piranti mulang ingkang dipunpangghaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud:
- 1) *Mediasaha* piranti mulang *visual*:
    - a) buku *Prigel Basa Jawa*,
    - b) buku catetan,
    - c) buku tugas,
    - d) buku *Titilaras Nembang Macapat*,
    - e) *Bausastra Jawa*,
    - f) papan panyeratan, saha
    - g) piranti undian.
  - 2) *Mediasaha* piranti mulang *audio*: *rekamanmp3*.
  - 3) *Mediasaha* piranti mulang *audio-visual*:
    - a) *model*
    - b) *video*ingkang dipunsetelken ngginakaken *LCD&Viewer*.
- d. Variasi Pola Interaksi saha Metode**
- Variasi pola interaksi* ingkang dipunpangghaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud:
- 1) *pola guru-murid*,
  - 2) *pola guru-murid-guru*,
  - 3) *pola guru-murid-murid*,
  - 4) *pola guru-murid, murid-guru, murid-murid*, saha
  - 5) *polamelingkar*.
- Variasi metode* ingkang dipunpangghaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII arupi:
- 1) *metode ceramah*,
  - 2) *metode tanya-jawab*,
  - 3) *metode resitasi (penugasan)*,
  - 4) *metode demonstrasi*,
  - 5) *metode praktik&drill*,
  - 6) *metode diskusi*,

- 7) metode *inquiri (penemuan)*, saha
- 8) metode *Team-Game-Tournament (TGT)*.

**e. Variasi Evaluasi**

*Variasi evaluasi* ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud:

- 1) *Evaluasi jinis tes:*
  - a) *tes uraian (lisan saha tulis)*,
  - b) *tes objektif*,
  - c) *tes lisan, saha*
  - d) *tes praktik.*
- 2) *Evaluasi jinis non-tes:*
  - a) *observasi*,
  - b) *skala sikap*,
  - c) *skala penilaian*,
  - d) *catatan insidental, saha*
  - e) *teknik pemberian penghargaan.*

**2. Mupangatipun Nindakaken *Variasi* wonten ing Pamulangan Tembang Macapat Kelas XII SMA Negeri 1 Gombong**

Saking panaliten ingkang sampun katindakaken wonten ing kelas XII SMA Negeri 1 Gombong, panaliti manggihaken mupangat ingkang kathah saking panganggening *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat. Muapngatipun inggih menika:

**a. Tumrap Siswa**

Panganggening *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat gadhah kathah mupangat tumrap siswa jumbuh kaliyan ancasipun guru ngginakaken *variasi*. Mupangatipun panganggening *variasi* tumrap siswa kaandharaken ing kaca salajengipun.

- 1) *Variasi* saged ngirangi raos bosen.
- 2) *Variasi* saged mindhakaken *motivasi* siswa.

- 3) *Variasi* saged njagi kawontenan  *fisik saha mental* siswa supados tansah ajeg.
- 4) *Variasi* damel siswa langkung *aktif*, pramila dadasaken siswa saged mindhakaken raos kepengin mangertosi saha nliti perkawis ingkang enggal.
- 5) *Variasi* damel siswa saged nampi pamulangan kanthi cara ingkang dipunremeni pramila saged mindhakaken asiling pasinaon.

**b. Tumrap Guru**

Panganggening *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat gadhah mupangat kangge guru. Mupangatipun kados ing ngandhap menika.

- 1) *Variasi* saged narik kawigatosanipun siswa dhumateng *materi* ingkang saweg dipunwulangaken.
- 2) *Variasi* saged nyengkuyung *proses* pasinaon mawi cara siswa nindakaken kagyatan ingkang nyenengaken utawi saged narik kawigatosanipun saha migunani tumrap tingkat *kognitif*
- 3) *Variasi* sagedmindhakaken solahbawa ingkang *positif* dhumateng guru. *Variasi* cara mulang saha *pola interkasi* antawisipun guru kaliyan siswa saged ngraketaken sesambetan antawisipun guru kaliyan siswa.
- 4) *Variasi* saged mindhakaken asiling pasinaon.

**c. Tumrap Sekolah**

Mupangatipun panganggening *variasi* wonten ing pamulangan tembang Macapat tumrap sekolah kados ing ngandhap menika.

- 1) *Variasi* sagedmindhakaken solah bawa siswa ingkang langkung *positif* dhumateng sekolah.

- 2) *Variasi* saged mindhakaken asiling pasinaon, pramila sekolah gadhah *citra* ingkang sae ngengingi basa Jawi. Asiling pasinaon ingkang sae badhe mindhakaken *prestasi* sekolah.
- 3) *Variasi* damel siswa remen dhumateng tembang Macapat saha kepingih sinau nyindhen. Awit saking menikaekstrakurikuler karawitan saged terus mlampah amargi kathah siswa ingkang purun ndherek. Grup karawitan ugi asring dipunsuwun tampil wonten ing *Rumah Martha Tilar Gombong* saha ndherek lomba.

## DUDUTAN

Pungkasaning panaliti nglampahi panaliten wonten ing SMA Negeri 1 Gombong, panaliti manggihaken bilih guru Basa Jawi ingkang mulang tembang Macapat kelas XII sampun nindakaken *variasi* mulang kanthi maksimal pramila saged damel siswa remen saha boten bosen dhumateng pamulangan tembang Macapat.

*Variasi cara* mulangingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud *variasi swara*, *variasi narik kawigatosanipun siswa, kesenyapan, kontak pandang, variasi mimik*, saha *variasi posisi lan ebahing badan* wonten ing kelas.

*Variasi materi* ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud pangretasan tembang, jinisipun, paugeran, urutanipun, sasmitanipun tembang macapat Kinanthi, negesi tembung, *relevansi pitutur luhur tembang Macapat Kinanthi kaliyan*

pagesangan saha 9 cakepan tembang Macapat saking serat Wedhatama.

*Variasi media* ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud *media* saha piranti mulang *visual, audio*, saha *audio-visual*. *Media* saha piranti mulang *visual* arupi buku *Prigel Basa Jawa*, buku catetan, buku tugas, buku *Titilaras Nembang Macapat, Bausastra Jawa*, papan panyeratan, saha piranti undian. *Media* saha piranti mulang *audio* arupi *rekamanmp3*. *Media* saha piranti mulang *audio-visual* arupi *model* saha *video* ingkang dipunsetelken ngginakaken *LCD&Viewer*.

*Variasi pola interaksi* ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud *pola guru-murid, pola guru-murid-guru, pola guru-murid-murid, pola guru-murid, murid-guru, murid-murid*, saha *pola melingkar*. Dene *variasi metode* ingkang saged dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII arupi *metode ceramah, metode tanya-jawab, metode resitasi (penugasan), metode demonstrasi, metode praktik&drill, metode diskusi, metode inquiri (penemuan)*, saha *metode Team-Game-Tournament (TGT)*.

*Variasi evaluasi* ingkang dipunpanggihaken nalika guru mulang tembang Macapat wonten ing kelas XII awujud *tes* saha *non-tes*. *Evaluasi* jinis *tes* ingkang dipunginakaken awujud *tes uraian (lisan saha tulis), tes objektif, tes lisan*, saha *tes praktik*. Dene *evaluasi* jinis *non-tes* ingkang dipunginakaken awujud *observasi, skala sikap, skala penilaian, catatan insidental*, saha *teknik pemberian penghargaan*.

## KAPUSTAKAN

- Arifin, Zainal. (2013). *Evaluasi Pembelajaran*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Burden, Paul R., and David M. Byrd. (1999). *Methods for Effective Teaching* (2nd ed). Needham Heights, MA.: A Viacom Company.
- Djamarah, Syaiful Bahri. (2006). *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Emzir. (2012). *Metodologi Penelitian Kualitatif: Analisis Data*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Endraswara, Suwardi. (2009). *Tuntunan Tembang Jawa*. Yogyakarta: Kuntul Press.
- Hasibuan, J.J. (2012). *Proses Belajar Mengajar*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Hestu Musyarofah, Yen. (2014). Damel Media Pamulangan Tembang Macapat Kanthi Basis WEB Ngginakaken Moodle Tumrap Siswa SMP. Skripsi, tidak dipublikasikan. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Kumar, Ranjit. (2014). *Research Methodology*. London: SAGE Publications Ltd.
- Kunandar. (2010). *Guru Profesional*. Jakarta: Rajawili Pers.
- Levin, James, and James F. Nolan. (1996). *Principles of Classroom Management* (2nd ed). Needham Heights, Mass.: A Simon & Schuster Company.
- Mulyasa. (2006). *Menjadi Guru Profesional*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Moleong, Lexi J. (2009). *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurhidayati. (2011). *Metode Pembelajaran Interaktif*. Diktat. Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Purwanto, M. Ngalim. (1994). *Prinsip-Prinsip dan Teknik Evaluasi Pengajaran*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Qolbiyati, Aini. (2012). *Keterampilan Guru Sejarah Kebudayaan Islam Dalam Mengadakan Variasi Pembelajaran Di Madrasah Tsanawiyah Sunan Kalijaga Serut, Gedangsari, Gunungkidu*. Skripsi. Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga.
- Sanjaya, Wina. (2013). *Strategi Pembelajaran*. Jakarta: Kencana
- Sugiyono. (2013). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Syahwanitep. (2012). *Bahan Ajar*. [https://syahwanitep.wordpress.com/2012/09/05/bahan-ajar/amp/](https://syahwanitep.wordpress.com/2012/09/05/bahan-ajar/). Diunduh pada tanggal 20 April 2016.
- Tim Laboratorium Pengembangan Pendidikan & Pembelajaran Islam (LP3I). (2010). *Keterampilan Dasar Mengajar*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Usman, Moh. Uzer. (2002). *Menjadi Guru Profesional*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Yuliyanto, Aris. (2012). *Strategi Peningkatan Mutu Pembelajaran Bahasa Jawa SMP Pada Sekolah Standar Nasional di Kawasan Klaten Timur*. Skripsi. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Zahrudin. 2016. *Evaluasi Pembelajaran*. <http://evaluasipembelajaran-anelghazy.blogspot.co.id/2016/02/teknik-non-tes-dan-pemberian-Penghargaan.html>?m=1. Diunduh pada tanggal 20 April 2016.